



REPUBLIQUE D'HAÏTI

MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION

No. 546

Port-au-Prince, le 19 mars 2021

KOMINIKÈ POU LAPRÈS

19 mas 2020 – 19 mas 2021, sa deja fè yon (1) lane depi Laboratwa Nasyonal Sante Piblik (LNSP) Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) te konfime 2 premye ka nouvo kowonaviris pozitif yo nan peyi Dayiti. Yon lane apre, viris la kontinye ap simaye nan peyi a pandan nou te atenn yon pik nan fen mwa me 2020 a ki reprezante 22^e semèn epidemyolojik.

Depi lè maladi a te antre nan peyi a pou rive jounen jodi a, nou deja konte **12,714 ka ki konfime; 1,838 moun ki lopital, 10,612 moun ki retabli epi 251 moun ki mouri. Sa vle di, se 1,97 % nan moun laboratwa konfime ki pozitif ak virus la ki rive mouri.** Menm si nan fen ane 2020 an nouvo ka kowonaviris yo te ogmante, dènye done yo montre kantite nouvo ka yo ap bese.

Sitiyasyon an montre peyi a pa twò frape anba lanmò ak ka grav nouvo kowonaviris la, lè n konsidere premye previzyon espesyalis yo te fè sou dega maladi a ta ka fè nan peyi a.

Menm lè poko gen rezon egzat pou eksplike sitiyasyon sa a, MSPP ap siyale kèk eleman ki ede nou jwenn rezilta sa a :

- egzekisyon yon plan repons ki chita sou yon sistèm siveyans epidemyolojik ki te sitou ap chèche epi teste tout moun ki te gen kontak ak yon moun ki te deja pozitif, pran anchaj tout moun ki te bezwen swen nan lopital epi yon kominikasyon san rete ak popilasyon an sou prensip liyèn ak jès baryè ki kapab anpeche maladi a gaye dapre OMS;
- yon ansanm mezi siveyans epidemyolojik ki te adopte pou kontwole antre soti nan pò ak nan ayopò yo;
- ansanm dispozisyon gouvènman Repiblik la te pran pou akonpaye jefò ki t ap fèt nan sektè sante a, tankou : dekalre eta ijans sanità, fèmen kèk sèvis,

achte ekipman ak materyèl medikal ki nesèsè pou pwoteksyon epi pran swen tout sitwayen ki te atrapre nouvo kowonaviris la ;

- sipò patnè teknik ak finansye Ministè a, sektè prive ak soyete sivil ayisyen an nan tout nivo nan jesyon kriz la ;
- sipò tout kategori medya yo ki te ede nan pataje enfòmasyon ak mesaj sansibilizasyon MSPP sou COVID-19 yo ak popilasyon an epi tou nan fè pwomosyon pou bon jan konpòtman ki kapab ede nan bare pwopagasyon maladi a.

Efò nou fè ak resous nou mete ansanm yo pèmèt nou evite gwo malè pandye ki te sou tèt popilasyon an epi redui kantite moun ki malad ak moun ki mouri nan COVID-19 la

Ministè a voye yon gwo kout chapo pou tout moun ki travay nan fason pa yo pou n rive gen rezilta sa yo. Yon mès espesyal pou :

- pwofesyonèl lasante ki toujou devan nan bay swen nan sant ak lopital yo,
- medya yo,
- sektè prive ayisyen an pou gwo kontribisyon yo,
- enstitisyon lasante prive tankou piblik ki angaje yo nan fè prizanchaj malad yo,
- tout lòt sektè ki nan Leta,
- kolektivite teritoryal yo,
- tout manm 2 komisyon ki te kreye pou sikonstans lan,
- ajans kowoperasyon yo,
- tout patnè teknik ak finansye MSPP yo.

Viris la toujou ap sikile nan peyi a, nou mande tout moun pou yo rete vijilan. MSPP konte sou bon jan angajman tout moun pou n ka kenbe popilasyon an sante.


Doktè Marie Greta Roy CLÉMENT
Minis

